

## DEPATMAN TRAVAY ETAZINI

# Egzanp Kontra Travay pou Travayè Ki Ap Pran Swen moun lakay

Travayè domestik nan tout Ozetazini yo ap fè yon travay esansyèl pou asire ke ekonomi nou an fonksyone epi asire fanmi ak kominote nou yo ap boujonnen. Poutan byenke swen pou fwaye yo, timoun, moun ki gen andikap yo, ak lòt adilt ki granmoun yo se yon bagay ki presye anpil, travayè domestik—ki majoritèman fanm, imigran fanm epi, selon travay la, ki majoritèman fanm koulè—twò souvan travay nan kondisyon ki pa bon ditou san kontra travay fòmèl. Fanmi k ap anplwaye travayè domestik yo kapab pa gen twòp eksperyans kòm anplwayè epi yo kapab pa konprann responsablite legal yo, dwa anplwaye yo, ak pi bon pratik pou mentni yon anviwònman travay wot kalite, ki bon pou sante epi ki san danje.

Nan mwa Avril 2023, Prezidan Biden te pibliye [Dekrè Prezidansyèl](#) sou ogmantasyon Aksè nan Swen Wot Kalite ak pou Soutni Swanyan yo moun kap bay swen yo, sa ki mennen ajans federal yo pran yon seri aksyon egzekitif wot kalite ke yo poko te janm pibliye pou kapab amelyore swen pou fanmi yo pandan y ap soutni travayè swen yo ak swanyan famiyal yo. Dekrè egzekitif la te mande Sekretè Depatman Travay la pou devlope asistans sou konfòmite ak pi bon pratik pou travayè swen domestik yo ak anplwayè yo pou ankouraje espas travay san patipri epi asire ke pati yo konnen dwa ak responsablite yo.

**Pou soutni efò sa a, Depatman Travay Etazini an te devlope egzanp kontra travay, pou rezon ilustrasyon, pou anplwayè ak moun ki netwaye kay yo, travayè swen adomisil yo, ak nounou.** Yo Egzanp kontra travay sa yo se yon zouti ke alafwa anplwayè fwaye yo ak travayè domestik yo ka chwazi itilize kòm yon pwèn depa ki itil pou fasilite yon diskisyon ouvè sou yon konpreyansyon pataje ak pou kreye yon konpreyasyon pataje sou kondisyon travay yo. Egzanp kontra travay sa yo kapab ede anplwayè fwaye yo ak travayè yo devlope pwòp kontra travay yo ansanm, sa ki vle di redwi potansyèl move konpreyasyon alavni oswa konfli epi ranfòse relasyon travay ak konfyans.

**Lalwa pa oblije itilizasyon egzanp kontra travay sa yo. Dispozisyon ki nan egzanp kontra yo pa nesèsman reprezante obligasyon legal yo, men yo reflekte sijè ke anplwayè ak anplwaye yo kapab chwazi abòde volontèman.** *Egzanp kontra yo pa konstitye konsèy legal de Depatman Travay Etazini an epi yo pa reflekte tout kalite lwa ki kapab aplike nan chak sityasyon, ki gen ladan lwa lokal ak lwa eta yo ki bay pwoteksyon anplis ak lòt kondisyon. Anplwayè yo ta dwe revize lwa lokal, lwa eta yo, ak lwa federal yo pou asire ke yo respekte lwa ki bay plis pwoteksyon pou anplwaye yo epi ta dwe gen ladan lòt kondisyon legal jan sa nesèsè nan pwòp kontra yo a. Pati yo rete responsab yon fason endepandan pou respekte lwa ki aplikab yo.*

*Divès lwa etabli dwa ak pwoteksyon ke prive yo pa ka anile ni abreje. Yo pa ta dwe entèprete itilizasyon kontra travay kòm yon bagay ki anile dwa oswa pwoteksyon yon anplwaye selon lwa federal, lwa eta, oswa lwa lokal la. Kontra a kapab bay dwa oswa pwoteksyon pou pati ki lye yo ki diferan de lwa federal yo, lwa eta, oswa lwa lokal yo. Piblikasyon sa a se pou enfòmasyon jeneral pou bay yon resous volontè pou anplwayè ak anplwaye yo epi yo pa konsidere yo nan menm nivo ak deklarasyon ofisyèl pozisyon yo. Enfòmasyon ki nan egzanp kontra sa a pa gen fòs lalwa epi li pa la pou lye piblik la nan okenn fason.*

# Egzanp Kontra Alekri pou Travayè Ki Pran Swen Kay

## I. Enfòmasyon Debaz

Kontra alekri sa a dekri kondisyon yo dakò sou yo a ak sèvis netwayaj ant \_\_\_\_\_ (“Anplwayè”) ak \_\_\_\_\_ (“Anplwaye”).

1. Non anplwayè a: \_\_\_\_\_
  - a. Enfòmasyon kontak anplwayè a: \_\_\_\_\_
  - b. Kontak pou ijans: \_\_\_\_\_
2. Non anplwaye a: \_\_\_\_\_
  - a. Enfòmasyon kontak anplwaye a: \_\_\_\_\_
  - b. Kontak pou ijans: \_\_\_\_\_
3. Moun k ap resevwa sèvis swen yo:

Non Konplè	Laj	Kontak pou Ijans	Lèt enfòmasyon anplis sou moun k ap resevwa sèvis swen yo

4. Lye travay la twouve l nan (adrès):  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
5. Dat travay la ap kòmanse a se \_\_\_\_\_.
6. Dire travay la (tcheke youn):
  - Opsyon 1:* Dire travay la se jiskaske youn nan pati yo mete fen nan kontra a.
  - Opsyon 2:* Relasyon travay ant pati yo pral fini nan dat \_\_\_\_\_ (“Dat Fen Kontra a”).

## II. Responsablite Travay la

1. Anplwaye a dakò pou reyalize obligasyon ki swiv yo (tcheke tout sa ki aplike yo):

### **Swen Pèsonèl ak Swen Sante**

- Ede ak transfè (limite kantite total transfè ki nesèsè pa woulman pou sante ak sekirite lontèm Anplwaye a ekilibre avèk bezwen nan kesyon swen Anplwayè a nan mezi maksimòm sa posib la)
  - Kanpe
  - Bèse
  - Transfè ki asiste akekipman
  - Ede monte/desann eskalye
  - Ede mache
- Ede benyen
- Ede abiye/dezabiye

- Ede fè twalèt
- Ede ak twalèt
- Bay swen pou twalèt ak pou vesi
- Bay daypè
- Ede avèk egzèsis
- Ede avèk oswa administre medikaman
- Lòt tach, ki gen ladan: \_\_\_\_\_

**Sipò pou Fwaye**

- Prepare repa
- Ede avèk alimantasyon
- Netwaye asyèt ak kizin
- Achte pwodwi alimantè
- Lave, seche, pliye ak ranje rad
- Chanje dra sou kabann
- Fè kous
- Kowòdone transpò
- Bay transpò pou ale ak pou soti: \_\_\_\_\_
- Ti netwayaj, ki gen ladan: \_\_\_\_\_
- Swen pou bèt domestik, ki gen ladan: \_\_\_\_\_
- Lòt tach, ki gen ladan: \_\_\_\_\_

**Akonpayman ak Sipò**

- Akonpayman ak konvèsasyon
- Pwogramasyon randevou ak aktivite
- Al fè pwomnad oswa pale tan deyò
- Angajman sosyal, ki gen ladan: \_\_\_\_\_
- Lòt tach, ki gen ladan: \_\_\_\_\_

**Lòt**

- Lòt tach, ki gen ladan: \_\_\_\_\_

2. Anplwayè ak Anplwaye a konprann ke Anplwaye a kapab fè lòt travay anplis nan kad kontra yo a, ke yo dwe peye pou tout tan yo pase ap travay yo, epi lis responsablite travay ki anwo a pa genyen tout enfòmasyon yo.

**III. Peman ak Avantaj**

1. Anplwayè a dakò pou peye Anplwaye a nan tarif ki swiv yo:
  - a. Tarif peman pa èdtan pou lè ki pa lè siplemanntè yo (dwe omwen salè minimòm lokal, eta, oswa federal plis elve ki aplikab la): \$ \_\_\_\_\_
  - b. Tarif lè siplemanntè pa èdtan pou chak èdtan (oswa yon fraksyon nan chak èdtan) ke anplwaye a travay ki depase 40 èdtan pa semèn yo (omwen 1.5x nan tarif peman pa èdtan li a), ki dwe peye sof si anplwaye a gen egzansyon selon Lwa sou Nòm Travay Ekitab la: \$ \_\_\_\_\_
2. Anplwayè a dakò ke jou regilye (yo) peman yo ak mwayen peman pou Anplwaye a se pral jan sa swiv la:

- a. Peman pa (tcheke youn):
- Lajan kach
  - Chèk
  - Depo Dirèk
  - Lòt fòm peman: \_\_\_\_\_
- b. Chak kilè preman an pral fèt (tcheke youn):
- Chak semèn nan jou \_\_\_\_\_ (jou nan semèn nan)
  - Yon fwa chak de semèn nan jou \_\_\_\_\_ (jou nan semèn nan) chak de semèn
  - De fwa pa mwa \_\_\_\_\_ (dat) ak \_\_\_\_\_ (dat) chak mwa
  - Lòt: \_\_\_\_\_
3. Anplwayè a pral bay avantaj adisyonèl sa a (yo) pou Anplwaye a (Tcheke tout sa ki aplike yo):
- Asirans sante
  - Asirans dantè
  - Ranbousman pou prim asirans sante
  - Kontribisyon plan retrèt
  - Alokasyon pou transpò
  - Avantaj adisyonèl:
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
4. Yo pral bay Anplwaye a yon relve peman nan jou peman yo epi l ap gen ladan enfòmasyon ki swiv yo (tcheke tout sa ki aplike yo):
- Non ak adrès Anplwayè a
  - Dat peryòd peman ke yo peye Anplwaye a pou li a
  - Total èdtan li te travay
  - Salè brit li te resevwa (sètadi, montan Anplwaye a resevwa anvan dediksyon ak taks)
  - Tout dediksyon ak retni salè yo
  - Salè nèt li te resevwa (sètadi, montan Anplwaye a resevwa apre dediksyon ak taks)
  - Lòt:
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_

#### IV. Taks ak Dediksyon nan Salè

1. Anplwayè a pral peye epi kenbe taks lokal, taks federal, ak taks eta ki legalman obligatwa yo, ki gen ladan taks pou Sekirite Sosyal ak taks pou Asirans Maladi, ak tout lòt dediksyon ki legalman obligatwa yo.
2. Sou demann Anplwaye a, Anplwayè a pral kenbe \_\_\_\_\_ (montan oswa pousantaj) kòm retni fiskal sou revni Anplwaye a.

3. Toude pati yo dwe dakò sou tout lòt dediksyon nan salè Anplwayè a epi dwe respekte lwa federal, lwa eta, ak lwa lokal ki aplikab yo, ki gen ladan seksyon 3(m) nan Lwa sou Nòm Travay Ekitab la ki jere dediksyon sou manje, bwason, ak lojman. Yo pral fè dediksyon ki swiv yo chak \_\_\_\_\_ (peryòd peman/mwa):
- Montan pou asirans sante, si aplikab: \$ \_\_\_\_\_
  - Montan pou manje ak bwason, si aplikab: \$ \_\_\_\_\_
  - Montan pou aranjman/lojman, si aplikab: \$ \_\_\_\_\_
  - Montan pou lòt dediksyon yo, si aplikab: \$ \_\_\_\_\_

#### V. Kalandriye ak Lè Travay yo

- Anplwayè a pral anrejistre tout èdtan Anplwaye a te travay yo, oswa  Anplwaye a pral anrejistre tout èdtan li te travay yo epi deklare yo bay Anplwayè a (tcheke youn). Anplwayè a pral konsève tout dosye yo selon lwa ki aplikab la, ki gen ladan Lwa sou Nòm Travay Ekitab la.
- Yo pral anrejistre orè travay anplwaye a pi ba a. Si anplwaye a travay nenpòt lòt montan nan yon semèn travay patikilye, y ap peye tan sa a nan tarif ki apwopriye a.

Jou	Lè pou Kòmanse	Lè pou Fini	# Èdtan pa Jou
Dimanch	_____ AM/PM	_____ AM/PM	_____
Lendi	_____ AM/PM	_____ AM/PM	_____
Madi	_____ AM/PM	_____ AM/PM	_____
Mèkredi	_____ AM/PM	_____ AM/PM	_____
Jedi	_____ AM/PM	_____ AM/PM	_____
Vandredi	_____ AM/PM	_____ AM/PM	_____
Samdi	_____ AM/PM	_____ AM/PM	_____
<b>Total Èdtan Li Te Travay Pa Semèn:</b>		_____	

3. Si yo prevwa pou Anplwaye a “rete disponib” pou nenpòt lè pandan semèn nan kote yo dwe disponib touswit oswa sou sit la, nan ka sa Anplwayè a dakò pou peye Anplwaye a tarif ki apwopriye a (tarif pa èdtan oswa peman lè siplemantè) pou lè “disponiblite” yo. Si yo prevwa pou Anplwaye a “rete disponib” sou yon baz regilye, Anplwayè a pral diskite sou atant sa a avèk Anplwaye a epi entegre l nan kontra sa a.
4. Anplwaye a pral resevwa repa sa a pandan yon jounen travay regilye ak tan poz; Anplwayè a rekonèt ke kout poz yo (20 minit oswa mwens) ak poz ki pi long yo kote Anplwaye a pa konplètman soulaje de obligasyon travay li a dwe jeneralman peye:

Tip Poz (Repa/Repo/Lòt)	Dire (min)	Frekans (pa jou)	Peye
(Presize tip poz la)	(Presize dire a avèk minit)	(Presize kantite tan pa jou yo)	(Presize “Wi” oswa “Non”)

5. Nan kad jounen travay Anplwaye a, Anplwayè ak Anplwaye a pral rankontre ansanm nan jou \_\_\_\_\_ (jou nan semèn nan) pandan \_\_\_\_\_ (dire) pou kominike sou tout planifikasyon ak pwogramasyon ki nesèsè, sa k ap byen mache yo ak pou abòde nenpòt pwoblèm oswa konfli ki te genyen. Anplwayè a pral ankouraje Anplwaye a pou fè l konnen enkyetid konsènan nenpòt danje nan lye espas travay la oswa danje ki lye ak travay la, kondisyon ki danjre, ak tout maladi oswa domaj.
6. Anplwayè a dakò pou bay Anplwaye a tan poz rezonab pou rale lèt nan tete l pou nourri tibebe li a pandan yon lane apre nesans tibebe a chak fwa anplwaye a gen bezwen pou rale lèt, si sa nesèsè. Anplis, Anplwayè a dakò pou bay yon espas pou ponpe ke moun p ap antre ladan epi ki pa gen okenn teknoloji siveyans, ke pèsòn pa ka wè, epi espas sa a pa dwe yon twalèt.

## VI. Anilasyon, Chanjman nan Orè, ak Ijans

1. Si Anplwayè a mande yon chanjman nan orè oswa yon anilasyon:
  - a. Anplwayè a dwe bay Anplwaye a yon avi sou yon chanjman nan orè oswa sou yon anilasyon omwen \_\_\_\_\_ (peryòd tan) anvan travay ki pwograme a.
  - b. Si yon avi pou chanjman orè oswa yon anilasyon tonbe nan \_\_\_\_\_ (peryòd tan) travay ki pwograme a, nan ka sa Anplwayè a pral (tankou, peye travayè a nèt pou tan li te travay pou li a):

\_\_\_\_\_

2. Anplwayè a ak Anplwaye a dakò sou pwosesis ki swiv yo pou ijans lè Anplwaye a pa kapab vin travay (sètadi, gwo move tan):

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

## VII. Aranjman pou Lavi

1. Anplwaye a ak Anplwayè a dakò pou (tcheke yon opsyon pi ba a):
  - Opsyon 1:* Anplwaye a pral viv nan kay Anplwaye a, l ap rezide nan lokal yo yon fason pèmanan oswa pandan peryòd tan pwolonje (“Rete Viv”).
    - o Nòt: Si “Opsyon 1” an seleksyone, bon pratik ak egzijans legal konsènan Anplwaye K ap Rete Viv yo enkli sou sit entènèt DOL “Egzanp Kontra” yo.
  - Opsyon 2:* Anplwaye a p ap viv nan fwaye Anplwayè a.

## VIII. Avantaj pou Konje

1. Anplwayè ak Anplwaye a dakò sou politik ki swiv yo konsènan avantaj pou konje, anplis de respekte lwa federal, lwa eta, ak lwa lokal ki aplikab yo konsènan avantaj sou konje yo:

Tip Konje	Deskripsyon Politik la
<b>Konje Maladi</b> (tankou, Anplwaye a oswa timoun li malad oswa li gen yon randevou medikal)	Konpansasyon (tcheke youn): <input type="checkbox"/> Peye oswa <input type="checkbox"/> Pa Peye Fason yo Bay Konje: <ul style="list-style-type: none"><li><input type="checkbox"/> Anplwaye a pral resevwa _____ èdtan konje maladi pou chak _____ èdtan travay, jiska _____ jou pou chak ane kalandriye.</li><li><input type="checkbox"/> Anplwaye a pral kòmanse chak ane avèk _____ èdtan konje maladi ke yo kapab itilize pandan tout ane a.</li></ul> Poukisa yo ka itilize konje a: _____ Anplwaye a dakò pou bay Anplwayè a yon avi rezonab konsènan entansyon l pou l itilize konje maladi a, lè sa posib. Si li pa itilize yo, _____ èdtan konje maladi yo ka transpòte sou ane ki vini apre a.
<b>Tan Vakans</b> (sètadi, tan konje Anplwaye a pou lwazi)	Konpansasyon (tcheke youn): <input type="checkbox"/> Peye oswa <input type="checkbox"/> Pa Peye Fason yo Bay Konje: <ul style="list-style-type: none"><li><input type="checkbox"/> Anplwaye a pral resevwa _____ èdtan konje vakans pou chak _____ èdtan travay, jiska _____ jou pou chak ane kalandriye.</li><li><input type="checkbox"/> Anplwaye a pral kòmanse chak ane avèk _____ èdtan konje vakans ke li kapab itilize pandan tout ane a.</li></ul> Anplwaye a dwe enfòmè Anplwayè a konsènan entansyon li genyen pou itilize konje vakans lan nan lespas ____ jou anvan li pran konje a. Si li pa itilize yo, _____ èdtan konje vakans yo ka transpòte sou ane ki vini apre a. Lè kontra a fini, _____ èdtan konje vakans ki pa itilize yo pral peye bay Anplwaye a nan yon tarif \$ _____ pa èdtan.

<p><b>Swen ak Konje Maladi</b> (tankou, Anplwaye a akouche, li bezwen retabli l apre yon chiriji, oswa konjwen li gen yon pwoblèm medikal ki grav)</p>	<p>Konpansasyon (tcheke youn): <input type="checkbox"/> Peye oswa <input type="checkbox"/> Pa Peye Fason yo Bay Konje:  <input type="checkbox"/> Anplwaye a pral resevwa _____ èdtan swen ak konje medikal pou chak _____ èdtan travay, jiska _____ jou pou chak ane kalandriye.  <input type="checkbox"/> Anplwaye a pral kòmanse chak ane avèk _____ èdtan swen ak konje medikal ke li kapab itilize pandan tout ane a.  Poukisa yo ka itilize konje a: _____  Kantite tan ki nesèsè pou bay yon avi: _____</p> <p><i>Anplwayè a dakò pou respekte lwa federal, lwa eta, oswa lwa lokal ki aplikab konsènan konje familyal ak konje medikal ke peye oswa ki pa peye a, ki gen ladan lwa federal la sou Konje Familyal ak Konje Medikal la.</i></p>
<p><b>Konje pou Rezon ki Lye ak Sekirite</b> (tankou, Anplwaye a bezwen konje pou lite kont vyolans konjigal)</p>	<p>Anplwayè a pral bay Anplwaye a konje pou rezon ki lye ak sekirite pou sitiyasyon ki kapab rive epi ki lye ak vyolans ki baze sou idantite seksyèl, pandan jiska yon maksimòm _____ jou chak ane. Konje sa a pral  <input type="checkbox"/> Peye oswa <input type="checkbox"/> Pa Peye</p>
<p><b>Konje pou Dèy</b> (tankou, Anplwaye a bezwen konje pou jere sijè ki lye ak yon lanmò ak pou fè dèy)</p>	<p>Anplwayè a pral bay Anplwaye a konje pou dèy nan ka yon lanmò nan fanmi Anplwaye a pandan jiska yon maksimòm _____ jou chak ane.  Konje sa a pral <input type="checkbox"/> Peye oswa <input type="checkbox"/> Pa Peye</p>
<p><b>Lòt:</b> _____ _____ _____</p>	<p>Konpansasyon (tcheke youn): <input type="checkbox"/> Peye oswa <input type="checkbox"/> Pa Peye  Kantite Konje: _____  Poukisa yo ka itilize konje a: _____  Kantite tan ki nesèsè pou bay yon avi: _____</p>

2. Anplwayè a pral bay konje sa yo, ki pral  Peye oswa  Pa Peye:

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

3. Pou nenpòt konje ki anwo a ke Anplwaye a dakò pou travay la, Anplwayè a pral bay Anplwaye a (tankou, peman prim, lòt konje pou vakans, elatriye):

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_



### IX. Sante ak Sekirite nan Espas Travay

1. Atant konsènan COVID-19 ak lòt pwotokòl ki lye ak maladi kontajye yo, ki gen ladan vaksinasyon yo, gen ladan:

---

---

---

2. Anplwayè a chèche jwenn asirans konpansasyon travayè yo oswa ekivalan an jan lwa ki aplikab la egzije sa (tankou, atravè asirans pèsònèl oswa asirans mèl kay la) pou kouvri salè ki pèdi ak avantaj medikal yo, jan sa apwopriye, si Anplwaye a blese oswa li malad nan travay la (tcheke youn):  Wi (Detay asirans lan: \_\_\_\_\_) oswa  Non
3. Anplwayè ak Anplwaye a ta dwe idantifye faktè risk ki souvan kontribye nan domaj ki lye ak travay yo (tankou, itilizasyon pwodwi chimik, transfè, leve pwa, bese, movman repete, glise, bite, ak tonbe), epi pran mezi pou byen redwi faktè sa yo.
4. Anplwayè a dakò pou evalye si genyen risk yon potansyèl pou vyolans pou travayè a de nenpòt moun ki nan kay la oswa nan vwazinaj la, epi, si sa aplikab, pou devlope yon plan pou redwi risk sa a.
5. Anplwayè a pral asire ke li bay Anplwaye a fòmasyon sou fason pou byen itilize pwodwi chimik yo ak pou itilize yo nan fason ki apwopriye a, ak ekipman pwoteksyon pèsònèl ki itilize pandan dire travay la.

### X. Aranjman pou Andikap

1. Si sa aplikab, Anplwayè a dakò ak aranjman sa yo pou Anplwaye a akòz yon andikap tanporè oswa yon andikap pèmanan:

---

---

---

### XI. Materyèl, Zouti, ak Ekipman Pwoteksyon Pèsònèl

1. Anplwayè ak Anplwaye a dakò ke materyèl yo, zouti, ak ekipman pwoteksyon pèsònèl ki apwopriye yo (tankou, linèt, gan, mask) pou tach ki tonbe nan responsablite Anplwaye a ki dekri nan Pati II a dwe disponib jan sa swiv la (tcheke yon opsyon anba a):
  - Opsyon 1:* Anplwayè a pral bay (epi ranplase jan sa apwopriye) tout materyèl ki nesèsè yo, zouti, ak ekipman pwoteksyon pèsònèl ki byen ajiste epi se Anplwayè a k ap peye pou yo.
  - Opsyon 2:* Si Anplwaye a peye pou nenpòt materyèl, zouti, ak ekipman pwoteksyon ki apwopriye, nan ka sa (tcheke youn):
    - Anplwayè a pral bay Anplwaye a aksè nan lajan kach oswa lajan pou acha oswa ijans ki apwouve yo.
    - Anplwaye a ta dwe konsève epi soumèt tout resi yo, epi Anplwayè a pral ranbouse yo nan lespas \_\_\_\_\_ jou.

## XII. Diyite ak Respè nan Espas Travay

1. Anplwayè ak Anplwaye a konprann epi dakò pou trete youn lòt ak respè ak diyite nan tout enteraksyon ak fòm kominikasyon yo. Eitou yo konprann epi dakò ke yo entèdi diskriminasyon, vyolans ak asèlman, ki gen ladan vyolans ak asèlman ki baze sou idantite seksyèl. Entèdiksyon sa a aplike ak tout manm fwaye a ak envite yo epi gen ladan men pa limite ak kòmantè gwoyosye oswa kòmantè seksyèl sou aparans, kò, oswa rad; imaj pònografi oswa imaj ki seksyèlman eksplisit; atouchman endezirab oswa ki pa apwopriye; asèlman seksyèl, agresyon seksyèl, jiska epi gen ladan vyòl; menas pou mete fen nan kontra travay la oswa pou redwi peman si Anplwaye a refize avans seksyèl yo; epi fè kòmantè seksis oswa kòmantè imilyan ki baze sou sèks. Anplwaye a gen dwa pou kite travay la si yo fè diskriminasyon kont li, yo abize l, asele l, oswa li fè sijè vyolans.
2. Anplwayè a pa dwe kenbe dokiman orijinal Anplwaye a oswa zafè pèsònèl li (tankou, paspò, kat sekirite sosyal, viza travay, elatriye).
3. Anplwayè a konprann ke li ilegal pou fè zak reprezay kont Anplwaye a paske li revandike dwa li yo selon Lwa sou Nòm Travay Ekitab la. Lòt fwa kapab ofri plis pwoteksyon kont zak reprezay. Eitou Anplwayè a dakò pou pa zak reprezay kont Anplwaye a paske li pataje enkyetid li yo sou vyolans ki posib nan kondisyon kontra sa a.
4. Anplwayè a konprann ke Anplwaye a kapab gen pwoteksyon kont diskriminasyon ak lòt pratik anlwa ki pa jis yo selon lwa lokal, lwa eta, ak lwa federal la sou travay ak anlwa yo san konsidere ras, sèks, laj, orijin nasyonal, sitiyasyon imigrasyon oswa lòt klas pwoteje jan lalwa defini sa.

## XIV. Fen Kontra oswa Kanpe Travay

1. Si swa Anplwayè a oswa Anplwaye a chwazi pou mete fen nan aranjman travay la, pati k ap kanpe travay la pral bay omwen yon avi \_\_\_\_\_ semèn.
2. Si yo mande Anplwaye a pou kite travay la anvan fen peryòd avi \_\_\_\_\_ semèn nan, l ap peye anplwaye a kanmenm jiska peryòd avi a, sof si kontra travay Anplwaye a fini pou yon rezon ki mansyone anba a.
3. Si Anplwayè a deside mete fen nan kontra Anplwaye a (avèk oswa san yon avi alavans), Anplwayè a pral bay \_\_\_\_\_ semèn peman pou fen kontra a selon kantite ane Anplwaye a te travay pou Anplwayè a (tankou, yon semèn peman pou fen kontra pou chak ane sèvis). Sa p ap aplike nan ka fen kontra imedyà pou yon rezon ki mansyone anba a.
4. Anplwayè ak Anplwaye a pral diskite sou sitiyasyon ki kapab sèvi kòm baz pou fen kontra imedyà a san avi alavans epi mansyone yo isit la:

---

---

**Siyati Kontra a**

Anplwayè a (yo) ak Anplwaye te siyen pi ba a pou endike yo konprann epi yo dakò avèk kondisyon kontra ki mansyone anwo a. (Si genyen plis pase yon Anplwayè, chak Anplwayè ak Anplwaye a ta dwe siyen kontra a anba a.)

**Anplwayè a (yo)**

Non moun ki siyen an: \_\_\_\_\_

Non ak gwo karaktè: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_

**Anplwaye**

Non moun ki siyen an: \_\_\_\_\_

Non ak gwo karaktè: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_

## Lòt Enfòmasyon Anplis pou Anplwayè Fwaye yo ak Moun K ap Travay nan Kay yo

### **Travay domestik ak Lwa sou Nòm Travay Ekitab la:**

Divizyon Salè ak Èdtan Travay Depatman Travay la (WHD) la aplike nòm federal sou travay yo, ki gen ladan salè minimòm federal, peman pou lè siplemantè, konsèvasyon dosye, pwoteksyon pou ponpe lèt tete nan travay, ak kondisyon travay timoun nan Lwa sou Nòm Travay Ekitab la (FLSA). Travayè k ap travay nan sèvis domestik nan fwaye prive yo genyen kouvèti FLSA a. WHD genyen plizyè resous pou anplwaye ak anplwayè yo, ki gen ladan fich enfòmasyon ak kesyon moun poze souvan yo isit la: <https://www.dol.gov/agencies/whd/direct-care/resources>.

### **Resous pou anplwayè fwaye yo ki anplwaye moun k ap travay nan kay yo:**

WHD genyen anpil resous pou moun, fanmi, ak fwaye ki itilize sèvis swen pou kay yo pou ede yo reyalize responsablite yo selon FLSA.

Resous sa yo gen ladan yon Gid Swen pou Kay ki eksplike kilès ki dwe swiv règ FLSA yo, avèk egzanp sou sitiwayon ki enplike fason pou anboche yon moun ki travay nan kay dirèkteman, avèk itilizasyon yon ajans swen pou kay, epi fè aranjman atravè yon pwogram oto-jere ki finanse pa Medicaid. Gid la gen ladan konsiderasyon travayè ki se manm fanmi anplwayè a ak sila yo ki se travayè k ap viv nan kay la. Epi tou gid la eksplike fason pou rete konfòm ak FLSA a, ki gen ladan fason pou peye salè minimòm ak lè siplemantè, pou swiv kantite èdtan li te travay yo, ak pou byen konsève dosye. Gid sa a disponib nan: <https://www.dol.gov/agencies/whd/direct-care/guide>.

Selon fè ak sikonstans yo, dispozisyon avantaj adisyonèl nan kontra travay alekri sa a kapab fè anplwayè a fè mizanplas pou youn oswa plis plan avantaj pou anplwaye a (selon plan retrèt yo, plan sante an gwoup yo, ak lòt plan avantaj sosyal yo) ki kouvri pa Lwa 1974 sou Sekirite Revni Retrèt Anplwaye a (ERISA). Anplwayè yo ka aprann plis sou egzijans ERISA yo pou administrasyon ak fonksyonman plan avantaj anplwaye a, divilgasyon, pwosedi pou reklamasyon avantaj, fidisi, ak obligasyon avantaj sante yo, lè yo vizite <https://www.dol.gov/agencies/ebsa/employers-and-advisers/small-business> oswa lè yo rele 1-866-487-2365.

Pou jwenn lòt resous pou asistans sou konfòmite pou anplwayè yo, tanpri vizite [www.employer.gov](http://www.employer.gov).

### **Resous pou moun ki pran swen kay:**

WHD genyen resous pou moun ki travay nan kay yo pou ede yo detèmine si yo gen dwa ak pwoteksyon federal la sou travay, ki gen ladan resevwa omwen salè minimòm federal la ak tan siplemantè. Resous sa yo disponib nan: <https://www.dol.gov/agencies/whd/direct-care/workers>.

Pou jwenn lòt enfòmasyon anplis sou dwa ak resous pou espas travay la pou travayè yo, tanpri vizite [www.worker.gov](http://www.worker.gov).



UNITED STATES DEPARTMENT OF LABOR